

Mizajou sou Distribisyon Mask KN95 ak Plànifikasyon Pou Yon Moun Pase Tès COVID-19

24 Septanm 2021

Chè Kominote nan Kanmpous la,

Semèn dènye nou te anonse yon seri mezi nou t ap pran pou nou diminye pwopagasyon COVID-19 la nan kanmpous nou an, sa gen ladan l mask KN95 lan ke n ap mete disponib. Mesaj sila bay mizajou konsènan distribisyon KN95 lan ak konsèy sou kouman pou nou byen itilize ak pran swen mask KN95 lan, li gen ladan l tou enfòmasyon sou kèk chanjman ki fèt nan plànifikasyon lè pou yon moun pase tès COVID-19 la semèn pwochèn.

Ki Kote pou w Jwenn Mask KN95 Ou an

Gen mask KN95 anplis ki disponib pou etidyan yo, fakilte ak anplwaye yo. Menm lè nou ajoute 20,000 mask sou kòman 50,000 nou te fè avan sa a, nou mande pou manm kominotè nou yo limite demann yo a a yon sèl mask pa pèsòn, yon fason pou nou ka asire nou ke tout moun jwenn yonn. Manm kominotè yo ka jwenn mask yo a nan fason ki vin annapre yo:

Biwo enfòmasyon Stamp Student Union lan gen mask ki disponib pou tout etidyan, fakilte ak estaf yo.

Etidyan ki ap viv nan rezidans lan, nan Kanmpous Komen Sid la, ak nan lakou a ka pase pran mask yo nan adrès biwo Sèvis Kominotè yo a.

Etidyan ki ap viv nan mezon fratènite ak sowozite inivèsite a ap resevwa yon mask nan mezon yo a.

Etidyan ki pa nan kanmpous la ki ap viv nan University View, Terrapin Row, The Varsity, Landmark, ak Graduate hills ak Gardens kapab pase pran mask pa yo a nan konplèks apateman yo ap viv la. Depatman yo responsab pou yo bay mask vizaj KN95 lan pou anplwaye yo itilize yo lè yo pami gwoup ki laj, tankou sal klas ak lakou rezidans yo. Tanpri **vizite Vitrin Nimerik pou Sèvis Enpresyon an** pou w kòmande yo pou fakilte ak estaf yo.

Itilizasyon ak Swen Mask KN95 lan

Yon mask KN95 ba w pi bon pwoteksyon epi li redui nan posibilite pou yon moun ki pote mask la pwopaje viris la. Antan ke yon rapèl, si w pa vaksinen, ou sipoze mete yon mask KN95 . Tout moun, kit yo vaksinen ou pa, sipoze mete yon mask KN95 lè li nan gwoup ki laj, tankou sal klas li ak nan lakou rezidans yo. Jan nou di a

manm fakilte a ka retire mask yo pandan yo ap fè kou, depi yo gentan resevwa tout dòz vaksen yo epi depi yo bay yon distans 6 pye ak tout moun.

Men kèk bon konsèy lè w ap met mask KN95 :

Itilizasyon Ou sipoze mete mask KN95 yon fason pou pwent anba mask la antre anba manton w, pati nen an sipoze kouvri nen an epi kòd yo sipoze pase deyè zòrèy ou. Ou sipoze peze klips ki nan pati nen an pou l anbrase fòm nen w. Ou sipoze ajiste l pou l pran fòm figi w pou redui lè k ap soti deyò mask la. **Swen:** Si w byen pran swen mask KN95 lan ou kapab reyitilize l **pou yon peryòd pwolonje.** Mask KN95 yo pa sipoze lave, epi ou sipoze mete yo yon kote ki an site, ki pa imid epi ki pwòp chak lè w fin itilize l.

Lè pou w jete l: Mask KN95 yo sipoze jete lè yo parèt sal, lè yo pa ka kouvri nen w ak bouch ou ankò, lè yo vin detire oswa lè pati pou ajiste nan nen an oswa kòd yo andomaje, lè l pa ka rete nan figi w, oswa li gen twou oswa fabrik la chire. Lè sa rive, ou kapab jete mask KN95w la nan yon poubèl.

Ou ka jwenn detay anplis sou kòman pou w itilize ak pran swen epi jete mask KN95 yo nan [Sit entènèt 4 Maryland](#) ak [Sit Entènèt ESSR la ki se Travay an Site Pandan COVID-19 la.](#)

Chanjman Kalandriye Pou Pase Tès la nan Stad la Pou Semèn 27 Septanm lan

Tès COVID-19 yo pa p disponib nan Estad Maryland lan jedi 30 septanm lan. Moun ap toujou kontinye pase tès Lendi jiska Mèkredi. Moun ki pa vaksinen yo ap bezwen pase tès lendi 27 septanm ak Mèkredi 29 septanm.

Mèsi pou gwo èd ou kontinye ap bay nan kenbe kominote nou an san danje epi an sante. Rete an byen epi pwoteje tèt ou,

Spyridon S. Marinopoulos, MD, MBA, FACP

Direktè, Sant Sante Inivèsite a

Medsen an chèf, University of Maryland

Li